

**Leson sou Libète ak Sitwayènte: Aprann nan Aksyon
Endepandans ak Konstitisyon 1805**

Jan Jak Desalin

Leson

sou



LIBÈTE AK SITWAYÈNTE

www.ayitiswivpapaw.com

Fè Ayiti viv nan kè w, aji pou l grandi.

Tit:

Leson sou Libète ak Sitwayènte: Aprann nan Aksyon Endepandans ak Konstitisyon 1805

ENTWODIKSYON

Liv sa a se yon zouti pou ede jèn ayisyen konprann pi byen istwa peyi yo, dwa yo, ak devwa yo. Li baze sou de dokiman enpòtan anpil nan listwa Ayiti: **Akt Endepandans Ayiti (1 janvye 1804)** ak **Konstitisyon 1805 lan**. Nan liv sa a, n ap aprann leson sou diyite, libète, egalite, ak responsablite chak sitwayen.

1. ISTWA ENDEPANDANS AYITI

1.1 Kisa ki te mennen Ayiti nan lagè Endepandans?

Ayiti te anba koloni Lafrans pandan plizyè syèl. Esclavaj, move tretman, ak eksplwatasyon te tounen lavi chak jou pou majorite moun ki te abite koloni a. An 1791, esklav yo te leve kanpe pou reklame libète yo. Lagè sa a te dire jiska 1804, kote Ayiti te deklare endepandans li.

Fè Ayiti viv nan kè w, aji pou l grandi.

1.2 Wòl Jan Jak Desalin ak Pèp Ayisyen an

Desalin te yon lidè militè ki te mete tout fos li pou kraze lesklavaj epi mete peyi a sou pye. Li te konprann ke libète pa ka negosye, e li te ekri Akt Endependans lan pou bay tout moun konprann ke Ayiti pap janm tounen tounen esklav ankò.

1.3 Analiz Akt Endependans lan

- Deklarasyon: "Nou pap janm esklav ankò."
- Refè kolonizasyon: "Nou se granmoun nan lakay nou."
- Vizyon: Yon sosyete kote tout moun se frè ak sè.

2. KONSTITISYON 1805 LAN

2.1 Konteks istorik

Aprè deklarasyon endependans lan, Ayiti te bezwen yon dokiman pou mete lòd, dirije gouvènman an, epi garanti dwa tout sitwayen.

2.2 Atik enpòtan

Atik 1: Tout sitwayen Ayisyen se Nwa.

Fè Ayiti viv nan kè w, aji pou l grandi.

Sa vle di ke tout moun ki sou teritwa Ayiti, kèlkeswa koulè po yo, yo rekonèt yo kòm Nwa pou mete fen nan rasis ak diskriminasyon.

Atik 2: Esklavaj aboli pou tout tan.

Pa gen okenn fòm esklavaj ki ka egziste sou teritwa Ayiti. Libète se dwa sakre.

Atik 6-9: Egalite, dwa, ak devwa sitwayen yo.

Tout moun gen menm dwa, yo dwe respekte lwa yo, defann libète ak endepandans peyi a.

3. LESON SOU SITWAYÈNTE AK RESPONSABLITE

3.1 Ki sa sa vle di pou ou se yon sitwayen Ayisyen?

Se patisipe nan lavi sosyete a, respekte lalwa, kontribye nan devlopman peyi a.

Yon sitwayen se yon moun ki fè pati yon peyi, ki gen dwa epi ki gen devwa. Nan Ayiti, se libète ak diyite pèp la ki bay nasyon an sans. Se sa Òkt Endepandans lan te montre.

3.2 Dwa Sitwayen yo

Fè Ayiti viv nan kè w, aji pou l grandi.

- Dwa pou viv an libète
- Dwa pou jwenn edikasyon
- Dwa pou egziste san diskriminasyon
- Dwa pou viv ak diyite

Valè fondamantal nou dwe respekte

- Libète: Nou tout fèt lib, e pèsonn pa gen dwa fè nou tounen esklav ni nan kò ni nan lespri.
- Respè: Pou tèt nou, pou lòt moun, pou peyi a.
- Jistis: Tout moun dwe jwenn dwa yo san patipri.
- Onètete: Se pa viv tankou kòkòday ki ap pran sa li jwenn. Nou dwe travay ak onètete.
- Responsablite: Chak sitwayen gen wòl pou l jwe nan konstriksyon peyi a.

3.3 Devwa Sitwayen yo

Fè Ayiti viv nan kè w, aji pou l grandi.

- Respekte lwa peyi a
- Travay pou byen kolektif
- Pwoteje eritaj nasyonal
- Defann Ayiti kont tout menas

Kisa w ka fè kòm jèn sitwayen?

- Pran lekòl oserye
- Rejte manti ak move konpòtman
- Bay lòt moun bon egzanp
- Angaje w nan aktivite kominotè
- Fè valè tankou libète, respè, onètete, tounen abitud chak jou

Pawòl pou nou sonje

“Ayiti pap janm ka vanse si nou bliye valè ki fè nou tounen pèp lib.”

Ki jan Ayiti ye jodi a?

Ayiti jodi a ap fè fas ak anpil difikilte: pa gen ase lekòl, lopital pa fonksyone byen, gen anpil koripsyon, ensekirite, ak grangou. Men malgre sa, pèp la toujou kanpe, e gen jèn kap batay pou chanjman.

Fè Ayiti viv nan kè w, aji pou l grandi.

Ki sa n ka fè pou demen pi bon?

Chanjman pa sòti nan gouvènman sèlman, li kòmanse ak chak grenn sitwayen. Si chak moun fè pati pa yo, peyi a ka vanse.

Kòm jèn ou kapab

- Pran lekòl oserye
- Rejte manti ak move konpòtman
- Bay lòt moun bon egzanp
- Angaje w nan aktivite kominotè
- Fè valè tankou libète, respè, onètete, tounen abitud chak jou

Pawòl pou n sonje

“Nou se pitit zansèt ki te chwazi mouri pito ke viv esklav. Ann viv ak diyite!”

•

4. AKTIVITE AK EGZÈSIS

Egzèsis 1: Rele twa rezon ki te pouse esklav yo leve kanpe an 1791.

Fè Ayiti viv nan kè w, aji pou l grandi.

Egzèsis 2: Li atik 2 Konstitisyon 1805 lan epi eksplike sa li vle di pou ou.

Egzèsis 3: Ekri yon ti redaksyon sou sa li vle di pou ou se Ayisyen jodi a.

Egzèsis 4: Jwèt wòl: Ou se minis edikasyon, kisa w ap mete nan lekòl pou ede jèn yo aprann dwa yo?

5. KONKLIZYON

Se pa ti fyerte pou nou se premye repiblik Nwa endepandan sou latè. Men fyerte sa a vini ak responsabilite. Jodi a, chak jèn dwe konnen istwa li, respekte dwa l, ak travay pou yon Ayiti ki lib, ki ini, epi ki diy.

ANNEX

Ekstrè Akt Endepandans lan (1 janvyè 1804):

"Nou, pitit Ayiti yo, pwoklame libète n, e nou sèmanse pou n mouri pito ke retounen esklav."

Ekstrè Konstitisyon 1805 lan:

- "Tout sitwayen ayisyen rekonèt yo kòm Nwa."

Fè Ayiti viv nan kè w, aji pou l grandi.

- "Eskalavaj se aboli pou tout tan."

Mo kle:

- Endepandans
 - Libète
 - Dwa moun
 - Sitwayente
 - Konstitisyon
 - Diyite
-